# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–02 सितम्बर 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि दुनिया भारत पर भरोसा रक्खे ले अउर भारत के साथे सेमीकंडक्टर क भविस्य बनावे बदे तइयारी हौ। नई दिल्ली में यशोभूमि में आजु सेमीकॉन इंडिया दुइ हजार पचीस क उद्घाटन करत उहां के कहलीं कि ऊ दिन दूर नाहीं जब भारत क सबसे छोटहन चीप दुनिया में सबसे बड़हन बदलाव ले आई।

***21वीं शताब्दी की शक्ति छोटे से चिप में सिमट करके रह गई है। यह चिप भले ही छोटी सी है लेकिन इसमें दुनिया की प्रगति को बड़ी गति देने की ताकत है और इसलिए ही आज सेमीकंडक्टर का ग्लोबल मार्केट 600 बिलियन डॉलर पर पहुंच रहा है।***

प्रधानमंत्री कहलें कि भविस्य में वैस्विक सेमीकंडक्टर बजारि एक ट्रिलियन डॉलर के पार कइ जाई अउर जवने गति से भारत आगे बढ़ि रहल बा, ओहसे देस येह बजारि में एगो महत्वपूर्ण हिस्सेदारी हासिल कइ लेई। उहां के पहिली तिमाही क जीडीपी आंकड़ा के बारे में कहलीं कि भारत एक बेरि फेर ओम्मेद से बढ़ियां परदरसन कइले हौ।

***एक तरफ जब दुनिया भर की इकॉनमीज में  चिंताएं हैं। आर्थिक स्वार्थ से पैदा हुई चुनौतियां हैं। उस माहौल में भारत में 7.8: की ग्रोथ हासिल करके दिखाई है और यह ग्रोथ हर सेक्टर में है। हर तरफ उत्साह नजर आ रहा है।***

येह मौका पर इलेक्ट्रॉनिक्स अउर सूचना प्रौद्योगिकी मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलें कि भारत में सेमीकंडक्टर मिशन के सुरूआति के बाद से विस्व पुरहर भरोसा के साथे भारत के ओरि देखि रहल हौ। येह समय देस में पांच गो सेमीकंडक्टर इकाइयन क निरमाण कार प्रगति पर बाटे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के अगुआई में भइल प्रदेस कैबिनेट क बइठकी में आजु लोकहित क कुलि पनरह प्रस्तावन के मंजूरी दे दीहल गइल। एगो महत्वपूर्ण फैसिला के तहत बइठकी में कम्पनीज एक्ट–दुइ हजार तेरह के सेक्सन–आठ में उत्तर प्रदेस आउटसोर्स सेवा निगम लिमिटेड के गठन क मंजूरी दीहल गइल हौ। ई एगो पब्लिक लिमिटेड कम्पनी होई, जेके नॉन–प्रॉफिटेबल संस्था के रूप में चलावल जाई। एगो रिपोर्ट–

***प्रदेश में आउटसोर्सिंग एजेंसियों का चयन अब सीधे विभाग नहीं करेंगे। इन एजेंसी का चयन अब उत्तर प्रदेश आउटसोर्स सेवा निगम लिमिटेड जेम पोर्टल के माध्यम से करेगा। आउटसोर्स कर्मचारियों का चयन तीन वर्षों के लिए किया जाएगा। कर्मचारियों के लिए कम से कम सोलह से बीस हजार रुपये का मानदेय निर्धारित किया गया है। आउटसोर्स कर्मचारियों से महीने में छब्बीस दिन सेवा ली जा सकेगी। उनका वेतन एक से पांच तारीख तक उनके खाते में आ जाएगा। ईपीएफ और ईएसआई का अंशदान अब सीधे कर्मचारियों के खाते में जाएगा। वित्त और संसदीय कार्य मंत्री सुरेश खन्ना ने कैबिनेट के फैसलों की जानकारी देते हुए बताया कि आउटसोर्सिंग व्यवस्था की अनियमितताओं को खत्म करने और कर्मचारियों के हितों की रक्षा के लिए ही निगम का गठन किया गया है। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

कैबिनेट क अउरियो फैसिलन में कानपुर अउर लखनऊ में नेट कॉस्ट कॉन्ट्रैक्ट मॉडल पर ई–बसन क संचालन, निर्यात प्रोत्साहन नीति दुइ हजार पचीस–तीस क मंजूरी अउर शाहजहांपुर जिला में स्वामी शुकदेवानंद विश्वविद्यालय क मंजूरी खास तौर पर सामिल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सोसाइटी पंजीकरण अधिनियम, अठारह सौ साठि के जगहि पर प्रदेस में नया कानून लागू कइल गइले के जरूरति पर जोर दिहले हवें। काल्हि लखनऊ में अपने सरकारी आवास पर आयोजित एगो उच्चस्तरीय समीक्षा बइठकी में उहां के कहलीं कि सोसाइटी के रूप में पंजीकृत सस्थानन क पंजीकरण, नवीनीकरण आ उनके सम्पत्तियन क पारदरसी प्रबंधन के मजबूत करे बदे युगानुकूल अउर ब्यौहारिक प्राविधान कइल जाये के चाही।

**********

भूटान क प्रधानमंत्री दाशो शेरिंग टोबगे पांच सितम्बर के अजोध्या दौरा पर अइहें। उनके दौरा के धारमिक अउर सांस्कृतिक दृस्टि से बहुते खास मानल जा रहल हौ। एके देखत अजोध्या क जिलाधिकारी निखिल टीकाराम फुंडे अउर एसएसपी डॉक्टर गौरव ग्रोवर रामजनमभूमि परिसर आ अउरियो खास जगहिनि क निरीक्षण कइलें।

**********

प्रदेस के कई इलाकन में तेज बरखा क सिलसिला जारी बा। ढेर बरखा अउर बाढ़ि कै हालति के देखत आजु पीलीभीत अउर रायबरेली के सथहीं कई गो अउरियो जिलन में स्कूलन के बन्न रक्खल गइल। पूरबी उत्तर प्रदेस के गोरखपुर, बनारस आ जौनपुर जिलो में आजु हल्लुक से ले के तेज बरखा भइल।

लगतारे हो रहल बरखा अउर बैराजन से पानी छोड़इल के नाते प्रदेस में कई नदी उफान पर हइनि। येह समय बलिया, प्रयागराज, बनारस अउर बदायूं के सथहीं सतरह जिलन क दुइ लाख पचास हजार से बेसी लोगि बाढ़ि से परभावित बाड़ें।

**********